

# Enskripsyon pou Asistans Federal FEMA ap Fèmen nan De Semèn

---

Release Date: January 7, 2023

COLUMBIA, S.C. – Pwopriyetè ak lokatè nan konte Charleston, Georgetown ak Horry ki gen pwopriyete yo andomaje apre Siklòn lan genyen jiska lendi 23 janvye pou aplike pou asistans dezas federal.

Asistans FEMA gendwa ede w ak sibvansyon pou lojman tanporè ak reparasyon kay an ijans pou rann kay ou an sekirite, aksesib ak sekirize. Ou ta dwe ranpli yon reklamasyon ak asirans pwopriyetè w la avan w aplike pou asistans FEMA. FEMA pa kapab fè peman asirans de fwa. Sepandan, ou gendwa resevwa asistans pou pèt ki pa asire oswa ki pa gen ase asirans.

Menm si w aplike ak yon lòt ajans oswa òganizasyon, ou dwe enskri ak FEMA pou gen aksè ak sibvansyon federal ak Administrasyon Ti Biznis Etazini (Small Business Administration s, SBA) sou lontèm, prè dezas a enterè fèb.

Pou enskri pou Asistans:

- Ale sou [DisasterAssistance.gov](https://DisasterAssistance.gov)
- Sèvi ak [FEMA mobile app](#)
- Rele **Ling Asistans FEMA a nan 800-621-3362.** Si w ap itilize yon sèvis relè videoyo (VRS), sèvis telefòn soutitre oswa lòt, bay FEMA nimewo a pou sèvis sa a. Operatè ling asistans lan pale anpil lang e ling yo ouvri soti **7 è a.m. rive 2 è a.m. chak jou.** Peze 2 pou Panyòl. Peze 3 pou yon entèprèt ki pale lang ou an.
- Pou yon videoyo aksesib sou kòman pou w aplike, ale sou [youtube.com/watch?v=WZGpWI2RCNw](https://youtube.com/watch?v=WZGpWI2RCNw)

Soumèt yon aplikasyon prè SBA se yon etap nesesè pou yo konsidere w pou lòt fòm asistans dezas FEMA.

Pou aplike pou yon prè SBA:

- Itilize sitwèb sekirize SBA a <https://disasterloanassistance.sba.gov/ela/s/>



FEMA

Page 1 of 2

- Mande yon aplikasyon papye pou aplike pa lapòs Etazini pandan w ap rele ling sèvis kliyan SBA a nan **800-659-2955**
- Ou gendwa tou voye yon imèl nan [DisasterCustomerService@sba.gov](mailto:DisasterCustomerService@sba.gov) oswa rele **800-659-2955** pou asistans sou aplikasyon ak plis enfòmasyon sou pwogram asistans dezas SBA a Endividé ki soud oswa ki gen difikilte tande gendwa rele **800-877-8339**.
- Dat limit SBA pou pwopriyetè ak lokatè ke lan te andomaje pwopriyete yo retounen aplikasyon prè yo se **vandredi 20 jan**.



**FEMA**

Page 2 of 2